Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 29 (6490) 6 июнь 2016 с. Итни Рамазан 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 8 июнь – социалияв хIалтIухъанасул къо

ХIурматиял социалияб хъулухъалъул хIалтIухъаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда социалияв хIалтIухъанасул къо.

Гьарула нужер щивасе талихI-рохел, халатаб гIумру, щулияб сахлъи, щивасул рокъоб парахалъи, сундулъго икъбал ва нужер хIурматияб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

Социалияб хъулухъалъул хIалтIухъаби кидаго хIадурал руго къварилъи-захIмалъиялде ккаразе, гIажизал, херал, беццал гIадамазе кумек гьабизе. Нужеца берцинаб рагIиялдалъунги, гьуинаб каламалдалъунги ракIал рохизарула социалияб кумекалде хIажатазул.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Баркула хирияб Рамазан моцI

ХIурматиял районцоял, хириял диналъул вацал ва яцал! Баркула нужеда хириял моцIазул бищун хирияб Рамазан моцI. Гьеб буго бусурбаби цолъиялъул, гъункиялъул, гьудуллъи-вацлъи щула гьабиялъул, рахIму-цIобалъул баракатаб моцI.

Районалъул гIадамазе битIараб, хIакъикъияб исламалъул кьучIалда тарбия кьеялъулъ, щивав чиясулъ лъикIал рахъал куциялъулъ мустахIикъаб бутIа лъолеб буго нилъер диниял хIаракатчагIаз, росабазул мажгитазул имамзабаз.

Аллагьас тавпикъ кьеги киназего квешлъабаздаса рикIкIалъун, лъикIаб гIамалалдалъун хирияб Рамазан моцI тIадегIанаб даражаялда нухда регIизе. Гьаб хирияб моцI халкъалъул ракIалги пикрабиги рацIцIалъулеблъун, баракатгун бачIараблъун, нилъер гьабураб гIамал къабуллъулеблъун, мунагьал чурулеблъун, квешаб гIамал тезе гIадамал кантIулеблъун батаги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Хъил тIурал шагьрабиги басралъараб нухлул техникаги

### Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**Гумбет районалда тIобитIана администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместителал, росабазул бегавулзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

Данделъиги рагьун «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас,** гьенир гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместительлъун тарав **Малик Маликовасулгун.**

Коллегиялъул данделъиялда гьоркьоб лъуна районалда нухал гьариялъул ва гьел къачIаялъул бугеб хIалалъул, хадубккунги гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи лъикIлъизабиялъе тадбиразул хIакъалъулъ суал. Доклад гьеб суалалда тIасан гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

КIалъазе рахъана «Гумбетовское» ДЭП № 10 нухазул идараялъул бетIерав инженер **ГIабас МухIамадов,** ОГИБДДялъул нухмалъулев **Расул Ахкубегов,** «Село Килятль» АСПялъул нухмалъулев **АхIмад Каримов**, «Сельсовет “Цунди -Щабдухский”» АСПялъул нухмалъулесул заместитель **Мавлидин Мурадов**, «Сельсовет “Аргванинский”» АСПялъул нухмалъулев **Сайпилав МухIамадов.** Данделъиялда кIалъараз бицана нухазул идараялда техника басрияб букIиналъул, ЦIаналъе, ЦIунди-Щабдухъе, Ингишоре нухазул хIал лъикI гьечIолъиялъул, нухлул ракьандасан цIадал лъим чвахизе рахъал рахъиялде кIвар кьолеб, нухдаса гамачIгьегъ нахъе гьабизе ремонтерал гьечIолъиялъул, чвахун цIадал рараб, гIазуца нухал рацараб механъ нухал къачIазе кколел хIалтIухъаби радалго хIалтIуде рахъунгутIиялъул. Гъоркь Инхоросдада сверухъ ругел росабазул цIарал хъварал игIланал нухлул рагIалда чIвани лъикIаб букIинаанилан абурал ва цогидалги суалазда тIадчIей гьабуна.

Рорхана гьединго МелъелтIа росулъе нух гвендахун, райцентралда школалде, ясли-ахалде нух лъикI гьечIолъиялъул суалал.

ХIасилазулаб кIалъай гьабуна ва нухазул идараялъул хIалтIулъ ругел цоцо гIунгутIабазе ахир лъеян лъазабуна ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.



Ахиралда къабул гьабуна гIатIидаб хIукмуги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIалъиялда хиса-басиял

-2 гьум.



Хъилалда суратал, бицанкIаби, хIаял…

-2 гьум



Бергьарал – Наринхъалаялде

-3 гьум.



Данухъ ва Гьарадирихъ школазул бергьенлъаби

-4 гьум.

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Нилъеда щай тIаса лъугьаян гьарулареб?

### ГIорхъода ругел мадугьалзабазул цо-цоял гIорхъолъа рорчIулел гьечIодай?

**МагIарулазул, дагъистаниязул цIаралда, яхIнамусалда, тарихалда ва къисматалда сверухъ лъикIалги квешалги ишал кколел руго. Амма ахираб заманалда нилъер халкъалъул къимат гьабулел гIадамазул рекIелъ разигьечIолъи, хIатта цим борчIизабулел лъугьа-бахьинал гIемерлъулел руго. ГьабсагIат Чачан Республикаялда гьорлъ бугеб магIарулазул Кванхи росулъа Рамазан Жалалудиновасул къисаги нилъер миллат бергьараб куцалда рагIалде бахьинчIо. Нилъеца киназдаго тIаса лъугьаян гьарулеб буго, кканиги ккечIониги, нилъ жидедаса тIаса лъугьаян гьарулев чи ватулев гьечIо.1999 соналда Чачанлъиялдасан Дагъистаналде тIаде кIанцIана хъачагъал. Нужеда рагIанищ Рамзан Къадировас ялъуни цоги чачаназ нилъер халкъалда гьелда хурхун тIаса лъугьин гьарулеб? ЧIагого цIаги гъун, рухIана Бороздиновское росулъ рукIарал магIарулал. ТакъсирчагIазе тамихI гьабунищ? Нилъеда тIаса лъугьаян гьаранищ?**

ТIаса лъугьин цо жо буго, тIасан рахин, тIасанккей цIикIкIун буго цо-цо лотабазул. Гьеб тайпаялда лъикIаб рагIиги, гурхIел-цIобги, гIаданлъиги бичIчIуларо, гьел сахал хасиятал гьез тола загIиплъиялъул гIаламатлъун. ЦIал гьечIого хIебтIулареби буго цо-цо къокъа.

Гьединал ричIчIизе захIматал хIужаби гIемер руго. Футболалда абула, «цохIого кавабахъе торгIо кьабийилан». Дагъистаниял цIаги гъун рухIулел руго мадугьалзабаз. Нилъецайин абуни гьел мадугьалзабазе хасал районал гIуцIулел руго, гьел кодор ккун хьихьулел руго. Бугищ гьениб ритIухълъи? ГьечIо. Цо бихьизеги.

МагIарулалги дагъистаниялги «вацлъиялъул гьоркьорлъаби церетIезарулел руго», цогидал нилъедаса цIоко бахьизе анищалда, сверун лъугьун, гьанчолел руго.

ТIоцебесеб чачаназул рагъул заманалда чан магIарулас рокьор хьихьарал бакътIерхьудаса мадугьалзаби. Инсанасул гIамал буго гьабураб лъикIлъи кIочонареб, гьелъухъ баркала кьолеб, дугIа-алхIам гьабулеб. Баркалаго лъалареб агьлуялда щиб гьабилеб?

ТIубарал халкъал квешалги лъикIалги рукIунаро. Амма жакъа нилъедаса бакътIерхьудехун ругел мадугьалзабазул тIалъиялъ бичIчIулареб сиясат билълъанхьизабулеб буго. Сунде гьелъ рачинелали заманаялъ бихьизабила.

ГIемераб жо бараб буго нилъер щивасда. Жаваб кьезе кIолареб ишалде байбихьизе бегьуларо. КьучI тIамураб жо рагIалде бахьинабизеги ккола.

Путин какулев, ГIабдулатIипов какулев, какизего бегьуларев чийищ Рамзан Къадиров? Малаикищ гьев? Жидер гIалхулаб гIамалалдаса эркенлъизе кIолеб батичIони, жаниб бахчун те абе гьеб. Гурони, жидеего квешаб буго - гьеб гIамалалъ лагълъукье ккарал рагIиятчагIазе.

Дица чанго нухалъ хъвана Бороздиновское росулъа гIадамазул къисматалъул. Гочине ккарал гIадамазул къварильаби рорхулел, ООНалъ тIоритIарал семинараздаги гьоркьоб лъуна гьеб суал. Гьенир данделъарал чачаназул вакилзабазе рекIее гIолароан гьеб масъала борхи. Гьединал гIузраби къватIире рахъизе бокьичIони, гьаричIого те гьел. Бицине нечарал такъсиралги гьарун, бокьа-бокьухъе кидалъизегIан хьвадизе ругел? Аллагьасда божулел бусурбабийиланги рукIунин, гьесул диваналдаса щайха нахъе къаларел?

Гьаб анкьалда цIидасан ахIи-хIур бахъана Бабаюрт районалдасан. Дилималъул гIаммаб магIишаталъул хъутаналда вукIарав 10-20 магIаруласда тIаде гурун вуго 150-200 лъарагIав. Гьениб бахъараб видеоялъухъ ралагьидал, сабру гьабизе захIмалъулеб сипат буго. Нуж бихьинал ратани, бихьинал гIадин, цо-цо ккун, бадиса бадире рагъе. ЩукIаби гIадин, цояцда тIаде анцIгояв вуссинчIого. Гьединал кьабатункиял ккунгутIиялъе килищ килищалда кIутIарабгIанасеб хIалтIи гьабулареб Бабаюрт мухъалъул полиция ва тIалъи щиб гьабизе гIадамаз хьихьун ругел, кIал цIураб гIарацги кьун?

Бабаюрт районалда лъарагI миллатчагIаз магIарулазул магIишатазул ферма, бокьал, гьорал рухIун рукIана цереги, кьвагьдон, гIадамал лъукъун рукIана. ГьелъулгиIчанцIулго хьван букIана. КидалъизегIан гьаб къапила гогьдаризабизе бугеб? МагIарулаз аза-азар соназ гIумру гьабурал бакIалги руго пачалихъалъ ккун – сахабщинаб пихь бижулел ракьал ГЭСазул тIинде ана. Гьел станциял щущазарилилан рахъун гьечIо гурищ магIарулал.

Къанун хIалтIунгутIиялъ ва бокьа-бокьараб гьабизе питначагIи теялъ, такъсиралда данде хадуб цунго бухIилеб тамихI гьабунгутIиялъ, хадубккун цIакъго кьогIал ва квешал хIасилазде рачине бегьула.

БАРКУЛА

# ТIалъиялда хиса-басиял

### Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул цIияв заместитель тIамуна

**Маликов Малик АхIмадович гьавуна Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ 1978 соналъ. Гьоркьохъеб школа лъугIана 1995 соналъ ЦIияблак районалъул ЦIияб МелъелтIа росулъ.**

Гьебго соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультеталде. Гьеб лъугIун хадуб 2000-2001 соназ хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда.

Малик Маликов хIалтIана МахIачхъала шагьаралъул Ленинский районалъул администрациялда. Хадув хIалтIизе вачIана Гумбет районалъул администрациялда цебе бугеб юридическияб отделалъул нухмалъулевлъун.

2012-2016 соназ хIалтIана МахIачхъала шагьаралъул Советский районалъул судалда судиясул кумекчилъун.

Малик цIидасан вачIана гIагараб Гумбеталде. Гьев



хIалтIулев вуго «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместительлъун.

Руго лъади ва лъабго лъимер.

ГIЕЛМУ-ХАЗИНА

# МелъелтIа гьоркьохъеб школалда – цIияй директор

**МухIамадова Эльмира Чалабиевна гьаюна 1967 соналда МахIачхъала шагьаралда. МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIана 1984 соналда ва 1985 соналда цIализе ана Дагъистаналъул педагогикияб институталъул филологиялъул факультеталде.**

1988 соналдаса цIалана гьебго факультеталъул заочияб отделениялда ва хIалтIизе лъугьана МелъелтIа гьоркьохъеб школалда гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалимлъун. 2016 соналъул 24 маялдаса Эльмира МухIамадова хIалтIулей йиго



МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорлъун.

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Хъилалда суратал, бицанкIаби, хIаял...

### Гумбет районалда кIодо гьабуна Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо

**Ихдалил гьайбатаб къоялъ, тIоцебесеб июналда хасаб недегьлъигун хIалимлъи лъугьуна щивасул рекIелъе. Гьеб къоялъ кIодо гьабула Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо. Гумбеталдаги гьеб рохалида тIобитIула щибаб соналъ, исанаги дагьабги гIуцIа-къан ана.**

Гьаб соналъ лъималазул байрам тIобитIана районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъ (нухмалъулей **ПатIимат ХIусейнова**), районалъул опекаялъулгун тIалаб-агьаз гьабиялъул отделалъ (нухмалъулей **ПатIимат ГIумарахъаева**) ва лъималазул творческияб рукъалъ (нухмалъулей **Заира Базарганова**) цадахъ.



Байрам рагьана ва баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист **ГIабдула МухIамадовас.**

Лъималазе битIараб тарбия кьеялъул, гьел халкъалъе, ВатIаналъе пайда бугеллъун, гIакъилал, цIодорал, адаб бугеллъун куциялъул, кинабго рахъалъ церетIураллъун гIезариялъул масъалабазул бицана ва лъимал цIуниялъул къо баркана **ПатIимат ГIумарахъаевалъ** ва **ПатIимат ХIусейновалъ.**

Тадбир тIобитIана «Дунял – лъималазул бераздалъун» абураб ахIиялда гьоркь. Махщалида байрам бачана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъаби **ПатIимат МухIамадовалъ** ва **ГьимисултIан ГIабдунасировас.**

Лъималазда цере рахъана МелъелтIа «Бакъ» яслиахалъул гьитIичал (гьел куцана воспитателал **Къурмагьиз Халидовалъ ва ГIайшат Абакаровалъ**), районалъул искусствоялъул школалъул къурдухъаби, МелъелтIа аслияб школалъул лъималаз хIана сценка, гьаруна къурдаби.

Лъималазе къуна бицанкIаби, рукIана хIаял, росабалъ ругел ДДТялъул кружоказде хьвадулел лъималазул хIалтIабазул халгьаби. Лъималаз рахьарал суратал рихьизаруна, хъилалда тIад суратал рахьиялъул къец тIобитIана.

Суалазе жавабал битIун къуразе, къецазда бергьаразе гIарцулал сайгьатал щвана районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахьалдасан.

Школлъималги, ясли-ахалъул гьитIичалги, цо-цо лъималазул умумулги гIахьаллъараб гьеб байрам рохалилаб ахIвалхIалалда ана.

**Къурмагьиз ХIадисова**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Бергьарал – Наринхъалаялде

### Аргъваниб эркенаб гугариялъул къецал

**Гумбет районалъул ЦIияб Аргъваниб спортзалалъул залалда 2016 соналъул 27 маялда тIоритIана росдал гIолилазда гьоркьор эркенаб гугариялъул къецал. ГIахьаллъана магIарухъ ругел речIчIухъаби гурелги, шагьаразда гIумру гьабун ругел Аргъванисса 15 гIанасев речIчIухъанги, кинавниги 50 гIолилав. Эркенаб гугариялъул къецал тIоритIиялъул мурад букIана росдал гIолилазда гьоркьоб гьудуллъиялъул, вацлъиялъул, цоцалъ гъункиялъул ахIвал-хIал щулалъи, речIчIухъанлъиялде гIолеб гIелалъул рокьи цIикIкIин, экстремизмалъул, терроризмалъул асаралдаса гIолеб гIел рикIкIад цIуни.**

Къецал гIуцIана Гумбет районалъул гIолилазул гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев **МухIамад Зубайровасул**, МелъелтIа ДЮСШялъул ЦIияб Аргъванив вугев тренер **Камил ГIусмановасул,** ЦIияб Аргъваниб бугеб спортзалалъул нухмалъулев **ГIали Бияхъаевасул** хIаракаталдалъун.

РечIчIухъаби цецерахъана микьго батIияб цIайиялда: 24, 26, 32, 35, 46, 50, 58, 63 кг. Бергьаразе къуна грамотаби, медалал, гIарцулал сайгъатал. Спонсорлъи гьабуна Аллагьасул бацIцIадаб нияталда садакъа гьабизе бокьарас. Сахаватлъиялъухъ гьесие эргъвендерил жамагIаталъул рахьалдасан баркала, лъикIаб ва даимаб дугIаги буго, гьес цIар бальго гьабуниги, садакъа азар даражаялде бахинабегиян абулеб букIана къецазул гIахьалчагIаз.

Аргъвани росдал администрациялъул рахьалдасанги бергьенлъи босарал речIчIухъабазе гIарцулал сайгъатал къуна росдал бетгьаву **Сайпилав МухIамадовас.**

Аслияб къагIидаялда къецазда бергьана магIарухъ ругел, тренер Камил ГIусмановас, хIалтIудаса эркенаб заманалъ Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайровас куцарал речIчIухъаби.

Турниралъул ахиралда кIалъазе вахъарав районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайровас абуна къецазда бергьанин гьоркьор къоял ричачIого ругьунлъабазде хьвадулел лъимал, гIолеб гIел ахIана тренерас абураб щибаб къоялъ спор-



тшколалде хьвадизе ва щибаб занятиялде гьира-шавкъгун рачIине, речIчIухъанлъиялъул бальгояльаби гьваридго лъазаризе. Гьединго абуна киналго речIчIухъаби Дербенталде сапаралъ рачине ругин ва Наринхъалаялде, асхIабзабазул хабалалъе зияралъги щвезе ругин, гьеб сапаралъе сурсат биччазе бугин Аллагьасе гIоло кверебакъулел диналъул вацаз.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Бищун гIодобегIанасеб балл - 36

### Районалда гIурус мацIлъул ЕГЭ къуна

**30 маялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда гIурус мацIалъул цогояб пачалихъияб экзамен къуна. Гьаб соналъ гьеб экзамен 107 чияс къуна «ГIурус мацIалъул экзаменалъул хIасилал Россиялъул тIадегIанал цIалул заведениязде кинаб махщалие цIализе унел ругониги, хIажалъула. Бищун гIодобегIанаб 36 баллги щвезе ккола гьельие», - ян абуна ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъул жавабияв, районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист Сурхай Сурхаевас.**

Экзаменал кьолеб пункталда видеокамераби, махх



балагьулел алатал лъун руго. СанагIатал шартIал гIуцIун руго.

Гьебго школалда 9 классалъул 159 цIалдохъанас къуна обществознаниялъул аслияб пачалихъияб экзамен (ОГЭ).

**«Гумбет» РИО**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# ГIадамазе санагIалъиялъе хIалтIул бакIал

**Гумбет районалъул централдаса рикIкIад ругел ва гIемер гIадамаз яшав гьабулел росабалъ гIемер функциялъулаб централъул офисалде МелъелтIе рачIинчIого пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал тIурай мурадалда рагьун руго хIалтIул бакIал Гьоркь Инхо, Аргъвани, Игьали, ЧIиркъатIа росабалъ. Райцентралде щвезегIан рачIинчIого, МФЦялдасан къваригIел тIубаялъе гьелъул санагIалъиги буго.**

ХIалтIул бакIазул операторазухъе къезе бегьула гIадамаз документал, гIарзаби ва росулъа къватIире рахьинчIого кьокъаб заманалда тIуразе рес буго «цо гордухъан» режималда пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал. МФЦялъул хIалтIухъабаз къабул гьаризе руго документал ва хIажатал гIадамазе консультацияги рукIине руго. ХIалтIухъаби ине руго росабалъе ва росабазул поселениязул администрациялда гIуцIизе буго документал къабул гьари гьаб хадусеб низамалда рекъон:

Гьоркь Инхо росу: щибаб анкьалъ, щибаб итни къоялъ радал сагIат ичIго тIубаралдаса къаде 13:00 тIубазегIан.

Аргъвани росу: щибаб анкьалъ, щибаб талат къоялъ радал ичIго тIубаралдаса бакъанида 17:00 тIубазегIан.

ЧIиркъатIа росу: щибаб анкьалъ, щибаб арбагI къоялъ радал ичIго тIабаралдаса къаде 13:00 тIубазегIан.

Игьали росу: щибаб анкьалъ, щибаб хамиз къоялъ радал ичIго тIубаралдаса бакъанида 17:00 тIубазегIан.

Лъазе бокьараб суал бугони, ахIизе бегьула Call – централде тел. 8(938) 777 – 82 – 92 номералде.

**МФЦялъул филиал**

ТIИБ

# Щунусидаса цIикIкIун чиясул сахлъи борцана

### Тохтурзаби бакълъулазул хьутабазда

**Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовасул нухмалъиялда, тохтурзабазул къокъа хIалтIулеб букIана хьутабазда 18 маялдаса 20 маялде щвезегIан. Гьел щвана ЦIияб Данухъ, Первомайское, Тугъан, Нанибика, Нариш, Отав-Тюбе хьутабазде.**

сан 142 чияс тIубазабуна диспансеризациялъул тIоцебесеб этап, гьаруна гIаммал ва биохимиялъул бидул анализал, рахьана ракIалъул кардиограммаби. Халгьабуна 16 лъимер гьабизе бугей чIужугIаданалъул.

Гьабуна 166 чиясул гIаммаб бидул анализ, 141 биохимиялъул анализ, бахьана рекIел 140 кардиограмма. Гьабураб



Бригадаялда гьорлъ рукIана хирург - **МухIамад СайгидахIмадов,** невролог - **МухIамадхIабиб Абакаров,** педиатр - **Марям Жанахъаева,** уролог - **АхIмад ГIабдулхIалимов,** Лор - **ГIали ГIалиев,** стоматолог - **Тимур Шейхов,** акушер-гинеколог - **Мадина Къебедова,** терапевт - **Хизри МухIамадов,** беразул тохтурасул медсестра – **ГIашура Юсупова,** терапевтасул медсестра - **Рамлият МухIамадова,** унтабазде дандекьеркьеялъул кабинеталъул медсестра - **ПатIимат МухIамадова,** лаборантка **ГIайшат Халидова,** ЭКГ - кабинеталъул медсестра - **Мадина Ирисханова.** Хьутабазде тохтурзабазул къокъа ана лъималазул ва чIахIиязул диспансеризация гьаби, гIадамазе консультация ва кумек гьаби, лъагIел тIубачIел лъималазул халгьабиялъул тIадкъарал стандартал тIуразари, гьединго лъимал гьаризе ругел руччабазул халгьаби мурадалда.

Тохтурзабаз халгьабуна 216 лъимералъул, гьезда гьоркьосан лъагIел тIубачIеб 21 лъимадулги, гьел киназулго гьаруна бидул анализалги.

Тохтурзабазухъе рачIана 283 чIахIиял гIадамал, гьездахIалтIул хIасилалда лъималазе ва чIахIиял гIадамазе къуна республикаялъул больницабазде направлениялги. Беразул больницаялде битIана анкьго лъимер ва 12 чIахIиял гIадамал. Республикаялъул лъималазул больницаялде хьвана 24 направление батIи-батIиял гIузраби ругел лъималазе. Неврабазул унтабазул больницаялде битIана микьго лъимер. ЧIахIиял гIадамазда гьоркьосан направлениял хьвана урологиялъул, эндокринологиялъул, кардиологиялъул централде, централияб больницаялъул поликлиникаялде.

Унтун ратарал гIадамазе хьвана рокъор гьаризе малъахьваял, ва больницаялда регун сахлъи гьабизе кколел унтарал ахIун руго районалъул централияб больницаялде. Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас гьабураб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна ва цересел соназде дандеккун тохтурзабазухъе рачIунел гIадамазул къадар цIикIкIун бугилан абуна. Щибаб хьутаналда гIадамазул халгьабиялъул хIалтIи лъикI гIуцIун букIана.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЧIикь росдал къо

**29 маялда ЧIикь росулъ тIобитIана мажлис. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул имам ГIабдулагьхIажи Закарикаевас ва цо-цо росабазул имамзабаз. Росутун къватIиб гIумру гьабулел ЧIикьа гIолохъабиги рачIана мажлисалде.**

Гьениб хIукму ккана санайилго тIобитIизе гьединаб мажлис «Росдал къо» абун цIарги кьун. Мажлисалда вагIзабигун цере рахьана ГIабдулагь-хIажи Закарикаев, ТIад Инхо, ЧIиркъатIа росабазул имамзаби. Гьединго гьениб кIалъай гьабуна ЧIикь росдал администрациялъул бетIер АхIмаднаби Абакаровас. КIалъазе рахьараз тIадчIей гьабуна гIолилазе лъикIаб тарбия кьеялъул суалазда.

Гьалбадерица ахIана мавлидалги.

Мажлисалдаса хадуб тIоритIана торгIо хIаялъул къецал. ТоргIо хIазе букIана ункьго команда – МахIачхъала, Хасавюрт, Гъизилюрт шагьаразда ва ЧIикьа.

Къецазда бергьенлъи босана ЧIикь росдал командаялъ, кIиабилеб бакI хасавюрталъулазе, лъабабилеб бакI махIачхъалаялъулазе щвана.

**Исрапил Заирбегов**

ТIАБИГIАТАЛЪУЛГУН НАКЪИТ

## Данухъ ва Гьарадирихъ школазул бергьенлъаби

### «Дагъистаналъул рухIчIаголъабазул дунял» фотоконкурсалда чIел

**Гумбет районалъул цIалдохъаби гIахьаллъана «Дагъистаналъул рухIчIаголъабазул дунял» абураб фотоконкурсалда. Гьениб бергьенлъи босана Данухъ гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан ПатIимат Сайпилаевалъ ва Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан** телал **ХIайбула ГIабдурахIмановас, АхIмад Сулаймановас, Малик Маликовас,** районалда тIабигIат цIуниялъул рахъалъ инспектор **МухIамадрасул Сулаймановас.**

**ШихсагIид ГIабдулатIиповас** конкурсалда бергьенлъи босарал ПатIимат Сайпилаевалъе ва Асият ГъазимухIамадовалъе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва



**Асият ГъазимухIамадовалъ. 5 соналъ гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул цIалдохъабаз рухIчIаголъабазул дунялалда хурхарал республикаялъулал конкурсазда.**

Бергьенлъи босаразе грамотаби ва къиматал сайгъатал кьезе 26 маялда ДРялъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министр **Набиюла Карачаевасул** тIадкъаялдалъун, Гумбет районалде рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул рухIчIаголъабазул дунял цIуниялъул ООПТялъул ГКУялъул директор **ШихсагIид ГIабдулатIипов** ва гьесул заместителал **ХIажи ХIажиев, МухIамад Къадилаев.**

Гьалбал къабул гьаруна районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас,** райадминистрациялъул бетIерасул заместикъиматал сайгъатал. Сверухъ бугеб тIабигIат цIунизе лъимал куциялъе гIоло Данухъ ва Гьарадирихъ школазеги кьуна къиматал сайгъатал.

ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас гьалбадерие баркала кьуна цIалдохъабазул хIалтIабазде республикаялъулаб конкурсалда кьураб кIваралъухъ, гьарана сахлъиги, рохелги, хIалтIулъ бергьенлъабиги, гьабулеб ишалъулъ икъбалги.Гьеб данделъиялда гIахьал-лъарав Данухъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **МухIамад Сайпилаевас** абуна цIалдохъабазул хIалтIабазе гьединаб къимат кьеялдаса рохарал ругин ва хадурккун тIоритIулел конкурсазде дагьалги лъикI хIадурлъун, тIоцебесеб бакI щвеялъе гIоло къеркьезе ругин.

**«Гумбет» РИО**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## Риидал лъималазе хIухьбахъи гIуцIулеб буго

**Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъ къабул гьарулел руго 15 сон бачIел лъимал роолил лагеразде чIорого хIухьбахъи гьабизе ритIизе гIарзаби. Гьел ритIизе руго ралъдал рагIалда ругел Дагъистаналъул лагеразде.**

Лагеразде лъимал ритIизе бокьарал умумул яги гьел хисулел (опекунал) гIарзагун рачIине ккола УСЗНалде. ГIарзаялда цадахъ рукIине ккола гьал документал:

-лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельствоялъул копия;

-эбелалъул, яги инсул паспорталъул, ялъуни гьеб хисулеб документалъул копия;

- лагералде битIулеб лъимадуе медицинаялъул справка;

- справка яги цоги документ лъимер социалияб рахъалъ цIуниялъе (кумекалъе) мустахIикъаб букIин бихьизабулеб;

Лъимер лагералде битIизе бокьарал, ричIчIинчIел суалал ругони, кIалъазе бегьула телефоналъул гьал номеразде: 8(272) 2-62-79; 8(928) 989-44-04.

Гьединго мухIканаб баян кьун буго райадминистрациялъул официалияб сайталда.

**УСЗН**

СУРОВ ЗАКОН…

## О выдаче свидетельств на эксплуатацию транспортных средств с газобаллонным оборудованием

**С учетом многочисленных обращений водителей транспортных средств, в конструкцию которых внесены изменения, связанные с установкой газобаллонного оборудования, о порядке регистрации указанного переоборудования разъясняем следующее:**

Пунктом 8 приложения № 9 Технического регламента Таможенного союза «О безопасности колесных транспортных средств», утвержденного решением Комиссии Таможенного союза от 09.12.2011г. N° 877, установка газобаллонного оборудования (далее - ГБО) является внесением изменении в конструкцию транспортного средства.

Пунктом 7.18 Перечня неисправностей и условий, при которых запрещается эксплуатация транспортных средств, утвержденного постановлением Совета Министров - Правительства Российской Федерации от 23.10.1993г. № 1090 установлено, что эксплуатация ТС, в конструкцию которого внесены изменения без разрешения Госавтоинспекции - запрещена.

В соответствии с п.п. 3 и 51 Правил регистрации автомототранспортных средств и прицепов к ним в Государственной инспекции безопасности дорожного движения МВД РФ, утвержденных приказом МВД России от 24.11.2008 года № 1001, транспортные средства, в конструкцию которых внесены несанкционированные изменения, регистрации не подлежат, а при условии выявления фактов эксплуатации самовольно переоборудованных ТС, принимается решение об аннулировании (прекращении) их регистрации.

Согласно методическим рекомендациям, направленным ГУОБДД МВД России от 20.11.2015г. № 13/5-8230, проверка выполнения требований к транспортным средствам, в случае внесения изменений в их конструкцию, осуществляется в следующем порядке:

1.До внесения изменения в конструкцию ТС проводится предварительная техническая экспертиза конструкции на предмет возможности внесения изменений.

2.Список организаций, уполномоченных производить предварительную техническую экспертизу, размещен на сайте Департамента техрегулирования: http/eurasiancommission.org/ru

3.Далее в ГИБДД заполняется заявление установленной формы и предоставляются следующие документы:

заключение предварительной технической экспертизы на предмет возможности внесения изменений (например, установки ГБО);

заявление;

документ, удостоверяющий личность (паспорт);

доверенность или договор, удостоверяющий полномочия заявителя на представление интересов владельца ТС;

регистрационный документ ТС (СРТС);

паспорт транспортного средства (ПТС);

само транспортное средство для осмотра.

4.После принятия положительного решения о возможности внесения изменений, допускается установка ГБО на базе любого предприятия, организации и индивидуального предпринимателя, имеющего сертификат соответствия на выполнение подобных работ, либо на производственной базе, указанной в заключении предварительной технической экспертизы.

5.После установки ГБО организация-установщик выдает собственнику ТС заявление-декларацию об объеме и качестве выполненных работ по внесению изменений в конструкцию ТС.

6.После установки ГБО проводится техническая экспертиза, по результатам которой выдается протокол экспертизы безопасности конструкция ТС с внесенными в конструкцию изменениями.

7.Далее, в подразделение ГИБДД предоставляются документы указанные в п.З, а также:

протокол экспертизы безопасности конструкции ТС с внесенными в конструкцию изменениями;

квитанцию об оплате госпошлины на сумму в размере 800 руб;

заверенные в установленном порядке копии сертификатов соответствия на используемые для переоборудования составные части и предметы оборудования, запасные части и принадлежности, подлежащие обязательной сертификации в случае отсутствия маркировки знаком соответствия;

транспортное средство представляется для осмотра на предмет выполнения требований Технического регламента Таможенного союза.

**8.**По результатам рассмотрения представленных документов подразделение ГИБДД оформляет, регистрирует и выдает заявителю свидетельство о соответствии транспортного средства с внесенными в его конструкцию изменениями требованиям безопасности.

Аналогичная процедура выполняются владельцами ТС или представителями владельцев ТС в конструкцию которых внесены любые изменения, в том числе связанные с установкой электропривода дверей, увеличением высоты бортов кузовов грузовых транспортных средств, установкой или демонтажем фургонов, бортовых платформ, самосвальных кузовов, дополнительных топливных баков, изменением компоновки салонов пассажирских транспортных средств и т.д.

**Отдел МВД России по Гумбетовскому району**

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъ, райадминистрациялъ ЦIаналъ аслияб школалъул нухмалъулев, районалъул собраниялъул депутат СагIидбег МутагIиловасда, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, вац Шамил Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталъ:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил
къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.